

Nou salye laprès pale, ekri, televize ak laprès an liy ki toujou disponib pou pote vwa nou pi lwen. Nou Pap Dòmi salye kouraj ak detèmasyon popilasyon an ki rete mobilize malgre tout manigans ak vyolans sistematik pouvwa a. Yon lane apre #PetroCaribeChallenge lan lanse, tout peyi a leve kanpe ak yon sèl vwa pou denonse eskandal petwo karibe a kote dilapidatè yo detwi rèv tout yon peyi.

Nou salye kouraj pèp Ayisyen an k ap viv Ayiti kou nan dyaspora a ki rete angaje nan batay kont koripsyon ak enpinite ki deklanche andedan peyi a depi yon lane. Jodi a, akòz rejim konwonpi sa a ki pran kontwol Leta a, se plizyè milyon moun ki te pòv ki vin pi pòv. Antreprenè, peyizan, etidyan, atis, Madan Sara, tout moun ozabwa. Kantite moun k ap pran kanntè ogmante, kantite moun k ap pran imilyasyon sendomeng ogmante chak jou, san konte imilyasyon konpatriyòt nou ap pran sou fontyè sid etazini ak Meksik.

14 Dawout 2018 se te yon rèl kont koripsyon ak enpinite, yon mouvman ki kòmanse bay peyi a karaktè e ki pa t kanpe. 14 Dawout 2019, yon lane apre nou rache plizyè viktwa tankou : 2 rapò Koudèkont yo sou dilapidasyon fon Petrocaribe a. Men pi gwo viktwa a se nou menm popilasyon an ki pa janm fè bak, ki sèmante pou kanpe doubout pou jouk nou koupe fache ak tout move pratik anti-demokratik anti-republikan ak anti-pèp sa yo.

Se pou renouvle sèman sila a nou envite tout popilasyon an nan yon mobilizasyon jeneral nan kat kwen peyi a. Nou pral mobilize kont masak, kont grangou, kont chomaj, kont koripsyon ak enpinite ki pa sispann ogmante. Nan Pòtoprens nou envite tout moun vin plante pikèt yo sou Plas Tausen Louvèti, ri de la Repiblik, devan Palè Nasyonal pou vin kontinye revandike dwa nou pou nou viv lakay nou tankou moun san koripsyon, enpinite, lamizè ak enjistis sosyal. Nan vil pwovens yo, petwochalennjè ak militan yo ap chwazi ki kote ki senbolik pou yo pou lanse rèl pa yo nan zon yo.

Nou Pap Dòmi denonse Prezidan ak palmantè l yo k ap pratike menm manigans ki karakterize nan plase domestik nan pòs pou kenbe pouvwa l, pou kontinye ak zak koripsyon, pou pwoteje enterè fanmi l ak akolit li, tout sa ap fèt nan kontèks finisman manda Chanm depite a. Nou denonse manigans sa yo e nou envite popilasyon an pou li mobilize pou fè echèk ak tout pwojè diktaryal nan peyi a.

Jodi a anpil peyi ki swadizan zanmi pèp Ayisyen an chwazi sipòte yon pouvwa k ap fè masak, kale mizè e ki konwonpi. Nou denonse fo zanmi sa yo e nou mande yo pou resezi yo, jodi a li dwe klè pou tout moun ; sipòte rejim Jovenel Moise lan se sipòte plis masak sou moun Lasalin, Matisan, kwabosal, nan latibonit ak ensekirite jeneralize nan tout peyi a. **Twòp san koule !** Konstitisyon an bannou dwa pou nou manifeste. Nan demokrasi moun pa gen dwa mouri paske y ap revandike dwa yo. Se sèl ou menm pèp Ayisyen ki ka fè echèk ak plan malfektè rejim kowonpi sa a, pou sa 14 Dawout la, nou pral fè menmjan ak eksklav yo, nou pra l revòlte kont sistèm peze souse a. Mache ak drapo, mache ak bristòl ak makè, pou vin kite mesaj revandikasyon w kont koripsyon ak enpinite e pou kontinye egzije pwosè petwo karibe a.

Demisyon, Pwosè, Prizon, Restitasyon

Nou Pap Dòmi